CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #१०३

१३।०१।२०७८

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## अस्पतालके शैया क्षमता अनुसार अक्सिजन सिलिण्डर किन कल तैयारी अवस्थामे राख पड्त

२५ सँ ५० बेड तकके जिल्ला अस्पतालसभम
**टा बड्का अक्सिजन सिलिण्डर**

१०० बेड तकके अस्पतालसभमे
**३५ टा बड्का अक्सिजन सिलिण्डर**

२०० बेड तकके अस्पताल सभम
**५० टा बड्का अक्सिजन सिलिण्डर**

सबै मेडिकल कलेज र शिक्षण अस्पतालहरु तथा ५०० शैया तकके अस्पतालसभम
**१०० टा बड्का अक्सिजन सिलिण्डर**

*अई प्रयोजनके लेल किनलगेल अक्सिजन सिलिण्डरके भर्पाई स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयसँ प्रति सिलिण्डर २० हजार सँ नै बढाक देल जेतै ।*

स्रोत: https://cutt.ly/Nv345eN

## नेपाल अपडेट





काभ्रेके धुलिखेलमे मास्क बिना चैल रहल बटोहीके मास्क बाटैत सशस्त्रके सिपाही ।

चित्र: रोजन तामाङ

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २४,१७,४७७
पोजेटिभ: ३,०३,५६१
उपचाररत: २२,४३४
मृत्यु : ३,१७६
सन्चो भएका : २,७७,९५१




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



अक्सिजन कमीके कारण कोरोनाके बिमारीके बेसी जोखिम होईछै कहादन । घरेमे एकान्तवासमे रहल बिमारी केना बुझतै कि अक्सिजन कम भेल छै ?

हँ घरेमे एकान्तवासमे रहल कोरोनाके बिमारीके प्रत्येक दिन अपन शरीरमे अक्सिजनके मात्रा ठिक छै कि नै से बुझ पड़ैत छै । अक्सिजनके मात्रा ९२% सँ कम भेलापर बिमारीके अस्पताल लल जायके व्यवस्था कर पड़ैत छै । घरेमे अक्सिजनके मात्रा बुझ नाडी सँ अक्सिजनके मात्रा बुझवला यन्त्र (पल्स अक्सिमिटर) के प्रयोग कएल जासकैय, जे नजिकेके अस्पताल या दवाई दुकान सँ किन सकैछी ।


स्रोत: https://cutt.ly/Nv345eN



सरकार स्वास्थ्य मापदण्ड पालना नै करवलाके कारवाही करब कहने छै । मापदण्ड पालना नै केने देखलापर गोप्य शिकायत करवला जगह नै छै ?

सरकारद्वारा जारी केने मापदण्ड अनुसार पालना नै भेल आ सार्वजनिक जगहपर मास्क नै लगेने भेटलापर प्रमुख जिला अधिकारीके कारवाही करके अधिकार देल गेल छै । अईके लेल जततउकरस्ररधधध hयजब ।नयख ।लउरयााष्अभक मे जाळक सम्बन्धित जिलाके प्रमुख जिल्ला अधिकारीके सम्पर्क कल शिकायत कल सकै छी ।

स्रोत: https://ccmc.gov.np/key_decisions/key%20dicision%202077.12.28.pdf



कतारी रियाल आब नै चलतै कहिक सुनैत छी, कि छै साँच बात ?

कतारके केन्द्रीय बैंकसँ चारिम संस्करणके नोटसभ सन् २०२१ जुलाई १ के बाद चलनचल्तीसँ हटाबके निर्णय केने छै । तै सँ नेपाल राष्ट्र बैंकसेहो कतारी रियाल भेलापर २०७८ बैशाख २७ गते भित्तर राष्ट्र बैंकके बैंकिङ विभाग, ओकर प्रदेश स्थित कार्यालयसभ, विदेशी विनिमयके कारोबार करके इजाजत प्राप्त बैंक तथा वित्तिय संस्था या मान्यता प्राप्त पैसा सटही करवला सभसँ बदलके लेल सूचना जारी केने छै ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/2021/04/Notice-on-Fourth-Edition-Qatari-Riyal-Banknotes_Nepali.pdf



स्थानीय स्तरमे कोभिडके बिमारीके स्थानीय तहके व्यवस्था मिलाब कहने छै लेकिन ओईके कोनो तैयारी नै देखाईत छै ?

सरकारसँ स्थानीय तहके १५ शैया तकके क्षमता भेल सरकारी, सामुदायिक, गैरसरकारी आ निजी अस्पतालसँगे संक्रमित आदमीके ईलाजके लेल सम्झौता कल अनुगमन कर आ भर्पाईके लेल स्वास्थ्य मन्त्रालयके सिफारिस कलक पठाब निर्देशन देने छै ।

स्रोत: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/176/lan/ne-NP

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु


accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ४,१२,२१६ संक्रमित | २,६६,९४९ संक्रमित | १,७१,३०७ संक्रमित | २,०२,२०१ संक्रमित | ५,१०,७३८ संक्रमित | १,८८,८१६ संक्रमित | ३,९२,९४२ संक्रमित | १,१९,३८७ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोतः https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

Shramik Sanjal

## कतारमे नियमके पालना नै केलापर कारवाहीमे परब

कतार सरकारद्वारा कोभिड - १९ के नियन्त्रण आ रोकथाम करके लेल किछ नियमसभ कडा रुपमे कार्यान्वयनमे अनने छै । एते भेलाके बावजुदो प्रत्येक दिन कतेको आदमीसभ कारवाहीमे पड़ी रहल छै । नियमके पालना नै केलापर तीन वर्ष जेल सजाय आ तीन लाख रियाल जरिवाना होब सकवला कानून भेला सँ श्रमिक बन्धुसभके ई महत्वपूर्ण नियमसभ पालना केनाई जरुरी छै ।

- घरसँ बाहर निकलकाल अनिवार्य रुप सँ एतराज एपके प्रयोग करब ।
- मास्कके प्रयोग अनिवार्य छै । अनावश्यक रुपमे बाहर नै निकलब । निकलहे पड्त तल मास्कके प्रयोग अनिवार्य करब ।
- अनावश्यक भिडभाड नै करब, भीडमे नै जाएब ।
- सामाजिक दुरी कायम करब । छोर चाईर पहियावला सवारी साधनमे ४ कोई सँ बेसी यात्रा नै करब ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे भेल
खर्चके ताजा अद्यावधिक (२०७७ पुष अन्त्य तक)

**संघिय सरकार**

रु. ८ अर्ब ५९ करोड ९८ लाख

**प्रदेश सरकार**

रु. २ अर्ब ९२ करोड ३ लाख

**स्थानीय सरकार**

रु. ८ अर्ब १० करोड ६७ लाख

**दोहोरो खर्च**

रु १ अर्ब ४९ करोड ७० लाख

**दोहरा खर्च कटाक होबवला जम्मा खच**

रु. १८ अर्ब १२ करोड ९८ लाख

स्रोत: https://cutt.ly/4lfYbPi

accountabilitylab NEPAL

# सरकार सहयोग करत कहिक केना विश्वास करु ?




धादिङके ज्वालामुखी गाँउपालिका वडा नं. ७ चैनपुरके प्रकाश इटनी एसएलसी तक पढ्ला । ओई सँ उपर पढ् हुनकर परिवारके आर्थिक अवस्था नै देलकै । पढाई कमे भेला सँ कतौ नौकरी सेहो नै भेटलै । तेकर बाद ऊ गाँम मे खेतीपाती कलक रहला । लेकिन, परिवारके जरुरत ओतबे सँ पुरा होबके अवस्था नै छलै । गाँममे आम्दनीके विकल्प नै भेटलाके बाद ऊ तीन वर्ष पहिले वैदेशिक रोजगारीमे साउदी अरब गेलाह ।

हुनकालगा कोनो कला नै छलै । लेकिन तैयो हुनका दोसर जेहन दु:ख भोग नै पड्लै । काम सिखैत गेलाह आ तीन वर्षमे सोचल अनुसार पैसा सेहो कमेलक । एहि बीचमे कोरोना महामारीके कारण हुनका नेपाल फिर्ता आब पड्ल । रोजगारी छुटलाके बादो घरपरिवार संगे रह पेलापर ऊ खुशी छलाह । लेकिन, समाज हुनका विदेश सँ कोरोना ललक आयल हेतै कहलापर दु:ख लगैत छलै । अवस्था सामान्य हेतै आ फेर पुरनके कम्पनीमे काम कर जाएब से छलै, लेकिन ऊ सम्भव नै भेलै । तेकर बाद विदेशमे सिखने एल्मुनियमके काम करवला कलासँ हुनका काठमाण्डौमे नौकरी दिएलकै । अखन ऊ ऊहे काम कल रहल छैथ ।



बुढीगण्डकी जलविद्युत प्रभावित हुनकालगा अखन रहके लेल घर नै छै । सरकार सँ भेटल मुआब्जाके पैसा सँ ऊ दोसर जगहपर कमे जमिन किनलाके बादो घर बनाब नै सकल छैथ । ऊ वैदेशिक रोजगारी सँ कमेने पैसा सँ आब स्वदेशेमे व्यवसाय कर चाही रहल छैथ, लेकिन अखनके अवस्था देखक ऊ जोखिम नै मोल चाहैत छैथ । ऊ कहैत छैथ, "सरकार कोनो ठोस निर्णय लेबहे नै सकैय । जत्तत दुविधा मात्रे उत्पन्न करै छै । कहियो बन्दाबन्दी करब कहै छै त, कहियो निशेधाज्ञा । सरकार त काम कलक खायवलाके सहयोग कर सँ अनेकानेक दु:ख मात्रे दैत छै । हमरा जेहन वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल सभके सहयोग करत कहिक केना विश्वास करु ?"



# रेडियो कार्यक्रम पद्धती

## संरचना सबैका लागि


प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219